

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA ETAZINI AK  
GOUVÈNMAN****Jedi**, 25 Janvyè, 2007 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl a \_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy anlè yo ak lèt enprime. Apre, vire jiska dènye paj livrè sa a, se fèy repons pou Pati I an. Pliye dènye paj la sou pèforasyon yo, e dousman e ak atansyon, detache fèy repons lan. Apre sa ranpli tèt fèy repons ou an. Kounye a, mete non ou ak non lekòl ou nan tèt chak paj nan livrè pou redaksyon an.

Tès sa a gen twa pati. Fòk ou reponn tout kesyon nan **tout** pati yo. Itilize plim nwa osnon ble maren pou ekri repons ou yo.

**Pati I** genyen 50 kesyon ak chwa miltip. Enregistre repons kesyon sa yo nan papye repons lan.

**Pati II** genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou yon sijè. Ekri repons kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse ak paj 1.

**Pati III** baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** genyen dokiman yo. Chak dokiman gen youn ou plis kesyon apre li. Nan livrè tès la, ekri repons ou genyen pou chak kesyon sou liy ki apre kesyon an. Fòk ou si ke ou ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj seksyon sa a.

**Pati III B** genyen yon kesyon redasyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè ou fini ak ekzamen an, fòk ou siyen deklarasyon ki nan fèy repons Pati I an, ki vle di ke ou pat gen okenn konesans kesyon oubyen repons yo anvan ekzamen an, epi ou pa ni bay ni pran poul pandan tès la. Yo pap ka aksepte fèy repons lan si ou pa siyen deklarasyon an.

Li sevèman entèdi pou ou itilize aparèy kominikasyon pandan ekzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, ekzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.


**PA OUVRI LIVRÈ EKZAMINASYON SA A TOUTOTAN YO POKO BA OU SIYAL.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon nan pati sa a

*Eksplikasyon (1-50):* Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe a, *nimewo* mo oubyen ekspresyon, nan tout sa yo bay yo, ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon yo.

Sèvi ak kat anba epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2 yo.



Sous: *Exploring American History*, Globe Book Company (adapte)

1 Ki karakteristik jeografik ki te fè liy separasyon ant Etazini ak Lwizyan Franse nan lane 1803?

- |                    |                      |
|--------------------|----------------------|
| (1) Mòn Apalach yo | (3) Rivyè Misisipi a |
| (2) Gran Lak yo    | (4) Mòn Wòch yo      |

2 Si yo te montre Gran Plèn yo nan kat sa a, yo t ap plis sitiye nan

- |                      |                        |
|----------------------|------------------------|
| (1) Lwizyan Franse a | (3) Peyi Oregon"       |
| (2) Meksik Panyòl la | (4) trèz premye eta yo |

- 3 Ki dokiman ki genyen lide John Locke ki te fè konnen moun gen dwa jete yon gouvènman k ap fè opresyon?
- (1) Akò Mefflawè a
  - (2) Odonans Nòdwès la
  - (3) Deklarasyon Lendepandans lan
  - (4) Deklarasyon Dwa Moun yo
- 4 Anpil koloni pa te vle Plan Inyon Albani an (1754), plis poutèt
- (1) Yo te fèk bay koloni yo dwa pou yo gen reprezantan nan Palman an
  - (2) Plan an te bay Endyen Ameriken Natif Natal yo twòp pouvwa
  - (3) Menas sou sekirite koloni yo te fini
  - (4) Asanble koloni yo pa t vle abandone pouvwa endividyèl yo
- 5 Piblikasyon *Bonsans* Thomas Paine nan te genyen plis enfluyans nan konvenk kolonizatè ameriken yo pou sipòte
- (1) Enpo an plis angle yo sou koloni yo
  - (2) endepandans kolonyal
  - (3) Rebelyon Whiskey a
  - (4) rapò k ap kontinye ak Grann Bretay
- 6 Yon gwo feblès gouvènman an anba atik konfederasyon an sete
- (1) Eta ki pi laj yo te resevwa plis vòt nan Kongrè a pase eta ki pi piti yo
  - (2) Gouvènman nasyonal la pat kapab ranfòse lwa li yo
  - (3) Yo te bay prezidan an twòp pouvwa
  - (4) Gouvènman eta yo pat kapab fè lajan
- 7 Pou diskite pwoblèm anpil antifederalis pandan deba sou ratifikasyon Konstitisyon an, federalis yo te dakò
- (1) Pati politik t ap fòme
  - (2) Eta yo t ap kenbe kontwòl sou komès k ap fèt ant yo.
  - (3) Yon amannman t ap elimine esklavaj
  - (4) Yo t ap ajoute yon Deklarasyon Dwa Moun
- 8 Pandan Konvansyon Kontitasyon 1787 la, Gwo Antant la te rezoud yon konfli sou
- (1) pouvwa prezidan an
  - (2) pwoblèm anilasyon an
  - (3) reprezantasyon nan Kongrè a
  - (4) Enpo sou enpòtasyon
- 9 Konstitisyon Etazini an mande pou yon resansman nasyonal fèt chak 10 zan pou
- (1) Bay gouvènman an enfòmasyon sou enskripsyon moun k ap vote
  - (2) etabli yon modèl pou kalkile to enpo sou salè
  - (3) Detèmine konbyen manm chak eta genyen nan Chanm Depite yo
  - (4) Deside kilès ki kapab vote nan eleksyon prezidansyèl yo
- 10 Dapre Konstitisyon Etazini a, prezidan an genyen pouvwa pou
- (1) nonmen jij federal yo
  - (2) deklare lagè
  - (3) bay tit noblès
  - (4) anile desizyon yo Lakou Siprèm pran
- 11 Nan eleksyon prezidansyèl 2000 lan, ki aspè nan sistèm kolèj elektoral la ki te lakòz plis pwoblèm?
- (1) Yon eta kapab divize vòt elektoral li yo ant diferan kandida yo.
  - (2) Eta yo ki pa genyen anpil vòt elektoral pa genyen enfluyans sou rezilta eleksyon yo.
  - (3) Seleksyon elektè yo varye dapre eta yo.
  - (4) Moun ki genyen vòt popilè a kapab pa genyen majorite vòt elektoral la.
- 12 Nan Diskou Adye li Prezidan Georges Washington te avèti nasyon an pou evite fè alyans pèmanan paske li te kwè Etazini
- (1) T ap riske sekirite li lè li foure kò li nan zafè Lewòp yo
  - (2) Pat bezwen pwodwi oubyen mache Lewòp yo
  - (3) Te genyen plis pouvwa militè pase nenpòt nasyon ewopeyen
  - (4) Te bezwen limite imigrasyon Ewopeyen

- 13 Desizyon nan ka *Marbury VS Madison* (1803) te ogmante pouvwa Lakou Siprèm nan lè li
- (1) limite itilizasyon règleman elastik la
  - (2) etabli pouvwa revizyon jidisyè a
  - (3) konfime konstitisyonalitye Bank Nasyonal la
  - (4) entèprete règleman komès nan mitan eta yo

- 14 Anvan lane 1850 la, kisa ki te pi gwo rezon ki fè pati Nò a te devlope yon ekonomi ki pi plis baze sou faktori alòske pati Sid la te gen yon ekonomi ki kontinye baze sou agrikilti?

- (1) Tarif pwotektif yo te aplike sèlman nan pò nan Nò yo.
- (2) Kondisyon jeografik yo te sipòte diferan kalite aktivite ekonomik.
- (3) Esklavaj nan pati Nò a te ede kwasans ekonomik la fèt rapid.
- (4) Fabrikan yo pat fè pwofi nan Sid la.

- 15 *Deklarasyon Santiman an*, yo te adopte pandan konvansyon Seneca Falls la nan lane 1848 la, gen plis rapò ak dwa

- (1) imigran yo
- (2) moun ki te nan esklavaj yo
- (3) Endyen Ameriken natif natal yo
- (4) Fanm

- 16 Aksyon yo Prezidan Abraham Lincoln Te Pran Pandan Lagè Sivil la

- A. Ogmante kantite solda nan lame a san otorizasyon kongrè a
- B. Arete epi mete nan prizon moun ki te kont Inyonis yo san okenn eksplikasyon
- C. Kontwòl kèk jounal ki te kont Inyon an epi arete kèk editè ak redaktè

Kilès nan deklarasyon sa yo aksyon Prezidan Lincoln yo te sipòte pi klè?

- (1) Ijans peryòd lagè yo te lakòz Prezidan Lincoln gen plis pouvwa prezidansyèl .
- (2) Yo te akize Prezidan Lincoln paske li te vyole Konstitisyon an.
- (3) Kontwòl ak ekilib efikas te limite aksyon Prezidan Lincoln .
- (4) Prezidan Lincoln te vle aboli Deklarasyon Dwa Moun.

- 17 Nan fen lane 1800 yo, John D. Rockefeller kreye Standard Oil Trust ak entansyon pou li te:

- (1) pwoteje ti konpayi petwòl endepandan yo
- (2) kontwòl pri ak abitud yo nan biznis rafinman petwòl la
- (3) ogmante konpetisyon ant konpayi rafinman petwòl yo.
- (4) Distribiye lajan pou kòz charite yo.

- 18 Adopsyon Lwa Dawes la nan 1887 la te afekte Endyen Ameriken natif natal yo lè li

- (1) sipòte tradisyon kiltirèl yo.
- (2) eseye entegre yo nan kilti prensipal ameriken an
- (3) fòse yo kite zòn lès rivyè Misisipi a
- (4) Kòmanse yon seri lagè endyen nan Gran Plèn yo.

- 19 Chanjman nan agrikilti Ameriken an nan fen lane 1800 yo te oblije plantè yo

- (1) plante mwens rekòt ki rantab pou ekspòtasyon.
- (2) mande yon fen nan tarif yo sou agrikilti
- (3) mande pou redwi wòl gouvènman an nan agrikilti
- (4) vin depann plis sou labank yo ak wout tren yo

- 20 Ka lakou Siprèm *Wabash, St Louis & pacific RR. v. Illinois* (1886) ak *United states vs. E. C. Knight Co.* (1895) yo te baze sou lalwa yo ki te la pou


- (1) Limite pouvwa gwo biznis yo
- (2) sipòte jèfò plantè yo pou ogmante pwovizyon lajan
- (3) kenbe yon apwòch lese ale nan ekonomi an
- (4) amelyore kondisyon travay imigran yo

- 21 Lagè ant Panyòl ak Ameriken yo (1898) te make yon pwen desizif nan politik etranje Etazini paske peyi sa a te

- (1) devlope yon plan pou viv ansanm nan lapè
- (2) parèt tankou yon gwo pouvwa mondyal
- (3) pwomèt pou pa pran pati nan pwochen konfli Ewopeyen yo.
- (4) refize tounen yon pouvwa kolonyal

Sèvi ak desen ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 ak 23 yo.

## Lagè Sent Fanm yo Gran Chaj nan Travay Lenmi an



Sous: Currier and Ives, Library of Congress (adapte)

22 "Lagè Sent" la yo montre nan desen an a te yon jèfò pou

- (1) angaje fanm solda
- (2) ankouraje lapè nan lemond
- (3) entèdi vant bwason ki genyen alkòl
- (4) pwopaje kwayans relijyon kretyen an

23 Fanm te ranpòte yon viktwa nan "Lagè" yo montre nan desen an akòz

- (1) ratifikasyon yon amannman konstitisyonèl
- (2) Legalizasyon metòd pou pa fè pitit
- (3) aktivite misyonè yo etann lòtbò dlo
- (4) anilasyon Entèdiksyon nasyonal

24 Yon premye rezon ki fè yo tabli politik Pòt Louvri a (1899) sete pou

- (1) pwoteje komès Etazini nan Lès la
- (2) Gen kontwòl Zòn Kanal Panama a
- (3) ankouraje imigrasyon Chinwa Ozetazini
- (4) amelyore relasyon yo ak Larisi

Sèvi ak deklarasyon anba yo ki pale sou lwa imigrasyon nan kòmansman ventyèm syèk la epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26 yo.

*Oratè A:* Li rezonab pou yo mande yon tès pou wè si w konn li pou imigre Ozetazini. Yon gran kantite travayè ki pa edike pran dyòb ak bon salè nan men travayè pa nou yo.

*Oratè B:* Li pa jis pou yo mande yon tès pou wè si imigran yo konn li. Sa ap kenbe anpil moun deyò paske yo manke mwayen pou gen edikasyon.

*Oratè C:* Yon tès pou wè si moun konn li ap pèmèt plis moun ki sòti nan nò ak lwès lewòp rantr nan peyi a. Yo menm jan ak majorite popilasyon Etazini a.

*Oratè D:* Konn li a pa yon pwoblèm. Vrè rezon lwa sa a, se pou fè diskriminasyon kont imigran ki sòti nan yon seri pati nan lemond.

25 Moun ki sipòte pou moun pran tès pou wè si yo konn li a pou kontwole imigrasyon ta plis an favè opinyon *oratè*


- |            |            |
|------------|------------|
| (1) A ak C | (3) B ak D |
| (2) B ak C | (4) A ak B |

26 Imigran *oratè D* a ap pale yo, te plis soti nan

- (1) Kanada ak Meksik
- (2) AmerikdiSid
- (3) Lwès Lewòp
- (4) Sid ak lès Lewòp

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 la.

### Lejislasyon sifraj, 1890-1919



Sous: Sandra Opdycke, *The Routledge Historical Atlas of Women in America*, Routledge (adapte)

27 Kisa kat la montre sou lwa sou vòt fanm anvan ratifikasyon amannman federal sou vòt fanm nan lane 1920 an?

- (1) Opozisyon kont vòt fanm yo te pi fò nan eta Nouvo Angletè yo.
- (2) New York te premye eta ki te bay fanm yo dwa pou vote nan eleksyon k ap fèt nan eta a.
- (3) Lwa eta yo pat janm bay fanm dwa pou yo vote.
- (4) Anpil eta ki nan lwès yo te bay fanm dwa pou yo vote anvan yo te adopte 19vyèm amannman an.

28 Pandan Lè Pwogresif la, demann piblik la pou pwoteksyon dirèk konsomatè yo vin bay adopsyon

- (1) Lwa pou Bon Manje ak Medikaman
- (2) Lwa Estanda pou Bon Travay
- (3) Tarif Underwood la
- (4) Amannman enpo sou salè

29 Sistèm Rezèv Federal la ede regle

- (1) bidjè federal anyèl la
- (2) to enpo sou lavant eta yo
- (3) peman sosyal sekirite
- (4) pwovizyon lajan nasyon an

30 Ki pwoblèm desizyon Lakou Siprèm nan te konsantre sou li nan ka "*Schenk vs Etazini*" (1919) an?

- (1) dwa lapawòl pou moun k ap pwoteste kont lagè yo.
- (2) relocalize gwoup minorite etnik yo.
- (3) sèvi ak kan detansyon pou lenmi etranje yo.
- (4) entegrasyon fòs militè yo

31 Pandan Renesans Harlem nan lane 1920 yo, ekriyen ak atis Ameriken Nwa yo te itilize literati ak la pou

- (1) Mete fen nan segregasyon nan espas piblik yo
- (2) ankouraje pwogram aksyon afimatif
- (3) selebre richès eritaj yo
- (4) pouse moun k ap vote yo eli plis Ameriken Nwa nan pòs politik

32 Ki kondisyon ekonomik ki te yon gwo kòz nan Gran Depresyon an?


- (1) gwo salè travayè endistri yo.
- (2) Defisi nan depans gouvènman federal la
- (3) mank kapasite endistri yo pou pwodwi ase byen pou konsomatè
- (4) distribisyon inegal salè ant rich ak pòv yo.

33 Mach “Lame Bonus” la ak rele bidonvil yo “Hooverilles” nan kòmansman lane 1930 yo montre

- (1) ogmantasyon mekontantman devan jèfò Repibliken yo pou jere Gran Depresyon an
- (2) pwojè eta yo ki te kreye travay pou moun ki nan chomaj yo.
- (3) eseyaj federal pou remete konfyans nan ekonomi ameriken an
- (4) sikse prezidan an nan rezoud pwoblèm sosyal yo

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 34 la.

**Eskago k ap Galope a**



Sous: Burt Thomas, *Detroit News* (adapte)

34 Moun ki fè desen an ap fè kòmantè sou jèfò Prezidan Franklin Delano Roosevelt pou

- (1) bloke plizyè lwa Kongrè a voye ba li.
- (2) mete fen nan pwogram Nouvo Antant yo
- (3) lwa li a ka pase byen vit
- (4) ralanti pwosesis lejislasyon an

35 Kritik yo sou Nouvo antant lan te fè konnen Otorite Vale Tennessee a (TVA) ak Sistèm Sekirite Sosyal la te menase ekonomi Etazini lè yo

- (1) aplike prensip sosyalis yo
- (2) enpoze lè travay ki pa jis
- (3) diminye depans gouvènman an
- (4) degrade lwa kont konfyans yo

Sèvi ak kat rasyon ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 36 la.

YON SÈL INITE	YON SÈL INITE	YON SÈL INITE	YON SÈL INITE	YON SÈL INITE	YON SÈL INITE	YON SÈL INITE	YON SÈL INITE
Fòm OPA R-504		ETAZINI DAMERIK BIWO KI JERE PRI		<b>KAT RASYONMAN GAZOLIN</b>		<b>B-3</b>	
<b>ACHTE BON LAGÈ AK TENB ETAZINI YO</b>		<b>Nº 6445685</b>					
AKSEPTÈ EPI SÈVI AK KAT SA A VLE DI MOUN KI GEN KAT LA DAKÒ POU SWIV LWA AK REGLEMAN SOU RASYONMAN GAZOLIN BIWO KI JERE PRI YO FÈ SÒTI.							
NON MOUN KI SOU KAT LA		W.B. Nichols					
RI KAY LA		204 E. 6 <sup>th</sup> Ave					
VIL OUBYEN BIWO LAPOS		Rome				ETA Ga	
KONPAYI		Chevrolet				MODÈL Sedan	
NIMEWO PLAK MACHIN NAN		D84-599				ETA KOTE LI ANREJISTRE Ga	
LI KONSİY YO KI DÈYÈ KAT SA A							

W. B. Nichols (SIVANT)

36 Itilizasyon kat sa a, gouvènman mete deyò, sete pou

- (1) ede endistri machin nan
- (2) sipòte twoup yo nan peryòd lagè
- (3) ogmante itilizasyon gazolin
- (4) redwi pri machin yo

37 Yon bi Plan Machal la (1948) sete pou

- (1) rebati Japon apre Dezyèm Gè Mondyal la
- (2) Bay Akò Warsaw a èd militè
- (3) etabli yon sistèm alyans Panameriken
- (4) bay tout nasyon ewopeyen yo kominis te menase èd ekonomik

38 Ki tit ki pi ale ak deskripsyon an pati ki anba yo?

I.

- A. Komite aktivite ki pa ameriken nan Chanm Depite
- B. Konsèy pou revize lwayote
- C. Refij pou bonm
- D. "Watkins vs. Etazini" (1957)

- (1) Rezilta Premye Gè Mondyal yo
- (2) Lagè Fwad Lakay
- (3) Pwoblèm Ibanizasyon yo
- (4) Reyaksyon yo sou Imigrasyon

Sèvi ak deklarasyon ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 39 la.

. . . Nenpòt lè ajans nòmal yo pa fè travay yo byen epi li vinn nesèsè pou Branch Ekzekitif Gouvènman federal la itilize pouvwa ak otorite li yo pou sipòte Tribinal Federal yo, responsabilite prezidan an inevitab.


Dapre responsabilite sa a, jodi a mwen fè soti yon Lòd Ekzekitif ki mande itilizasyon twoup yo anba otorite Federal la pou ede ekzekite lwa Federal la nan Little Rock, Arkansas. Sa vin nesèsè lè yo pat respekte Pwoklamasyon mwen te fè yè a, epi lè yo toujou kontinye ap anpeche lajistis aplike. . . .

— Prezidan Dwight D. Eisenhower,  
24 Septanm, 1957

39 Sitiyasyon yo dekri nan deklarasyon sa a soti nan jèfò pou

- (1) sipòte Lwa sou Dwa Vòt
- (2) adopte yon amannman konstitisyonèl ki mete fen nan taks sou eleksyon
- (3) ranfòse desizyon nan ka *Brown v. Depatman Edikasyon an nan Topeka*
- (4) pwolonje bòykòt bis Montgomery a rive nan Little Rock

Sèvi ak desen ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 40 ak 41 yo.



Sous: Herblock, *Washington Post*, 1974 (adapte)

40 Konfli desen an konsantre sou li a enplike tantativ Prezidan Richard Nixon pou

- (1) ogmante kantite solda ki Vyetnam yo
- (2) kenbe prèv nan eskandal Watergate la
- (3) enpoze salè obligatwa ak kontwòl pri
- (4) amelyore relasyon ak moun nan Repiblik Lachin yo

41 Desen an montre prensip konstitisyonèl

- (1) federalis
- (2) kontwòl ak ekilib
- (3) gouvènman reprezantatif
- (4) kontwòl sivil militè yo



- 42 Ogmantasyon popilasyon an ki sòti nan eksplozyon demografik lane 1950 ak 1960 yo te kontribye nan
- (1) kay anplis
  - (2) diminisyon nan imigrasyon
  - (3) rediksyon nan sèvis gouvènman yo
  - (4) ogmantasyon nan demann byen pou konsomatè
- 43 Envazyon Bèdèkochon lane 1961 an ak kriz misil lane 1962 a se konfli ki gen rapò dirèkteman ak relasyon Etazini ak ki de lòt nasyon?
- (1) Ayiti ak Dominikani
  - (2) Kiba ak Linyon Sovyetik
  - (3) Lachin ak Japon
  - (4) Korelinò ak Koredisid
- 44 Kisa ki te pwoblèm santral la nan ka Lakou Siprèm *Gideon vs. Wainwright*(1963) ak *Miranda vs. Arizona*(1966)?
- (1) libète relijyon
  - (2) dwa pou vote
  - (3) dwa akize a
  - (4) dwa pwopriyete
- 45 Politik ekonomik Prezidan Ronald Reagan (1981-1989) ak Prezidan George W. Bush(2001- kounye a) sanble paske toulède
- (1) balanse bidjè federal la
  - (2) etann pwogram byennèt sosyal yo pou mete yon fen nan povrete
  - (3) itilize rediksyon enpo pou ankouraje kwasans ekonomik
  - (4) diminye depans militè
- 46 Depi nan lane 1990 yo, pwoblèm prensipal nan sistèm lasante Ozetazini sete
- (1) ogmantasyon pri swen medikal
  - (2) mank preskripsyon medikaman
  - (3) sekirite operasyon medikal yo
  - (4) reyòganizasyon lopital yo
- 47 Liv tankou *Uncle Tom's Cabin*, *How the Other Half Lives*, ak *The Feminin Mystique*, yo tout montre literati kapab kèk fwa
- (1) mete deyò koripsyon gouvènman
  - (2) lakòz revolisyon vyolan
  - (3) kòmanse konfli militè
  - (4) ankouraje refòm sosyal
- 48 Mouvman pwogresif la(1900-1920) sete premyeman yon repons pou pwoblèm yo ki te kreye pa
- (1) Abolisyonis yo
  - (2) nativis yo
  - (3) endistriyalizasyon an
  - (4) segregasyon an
- 49 Tèm *Bòl Pousyè* a gen plis rapò ak ki sikonstans istorik?
- (1) yon gwo sechrès ki te pase pandan lane 1930 yo
  - (2) abitud koupe pye bwa nan Nòdwès Pasifik la nan lane 1950 yo
  - (3) yon ogmantasyon nan polisyon pandan lane 1960 yo
  - (4) migrasyon pou ale nan Sun Belt la nan lane 1970 yo
- 50 Akò Kan David yo ak Lagè Gòlf Pèsik la toulède te montre anvi Etazini pou
- (1) kreye estabilite nan Mwayennoryan an
  - (2) etann echanj ak nasyon Azyatik yo
  - (3) kenbe relasyon zanmitay ak Lewòp
  - (4) pote estabilite ekonomik nan Amerik Latin nan

## Repons pou kesyon redaksyon yo sipoze ekri nan livrè disètasyon an.

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalite, rezònman, ak sa ki te pase; prezante ak detay”

### Pati II

#### KESYON DISÈTASYON TEMATIK

*Direksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki adrese tach pi ba a, ak yon konklizyon.

#### Tèm: Enfliyans Faktè Jeografik yo sou Aksyon Gouvènmantal

Faktè jeografik yo te enfliyanse souvan aksyon Gouvènman Etazini an te pran. Kèk nan faktè sa yo genyen lokalizasyon, klima, resous natirèl, ak karakteristik fizik yo.

#### Sa pou fè:

Idantifye **de** aksyon gouvènman Etazini an te pran, faktè jeografik yo te enfliyanse epi pou **chak**

- Site **yon** rezon ki fè Etazini te pran aksyon an
- Dekri kijan yon faktè jeografik te enfliyanse aksyon an
- Diskite konsekans aksyon an sou Etazini

Ou kapab itilize nenpòt aksyon gouvènman Etazini te pran faktè jeografik la te enfliyanse. Kèk sijesyon ou kapab swete konsidere gen ladan yo Ekspedisyon Lewis ak Clark la (1804-1806), piblikasyon Doktrin Monroe a (1823), Lagè Meksiken an (1846-1848), Ouvèti Japon Kòmandan Perry a (1853), Adopsyon Lwa Homsted la (1862), acha Alaska (1867), Konstriksyojn Kanal Panama (1904-1914), rantre nan Dezyèm Gè Mondyal (1941), Adopsyon Lwa sou Wout anlè ant Eta yo (1956), epi enplikasyon nan lagè Golf Pèsik la (1991).

#### Ou pa bezwen limite w nan sijesyon sa yo sèlman.

#### Gid:

##### Nan redaksyon an, asire ou:

- Devlope tout aspè yo nan travay la
- Sipòte tèm nan ak reyalite, ekzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki enkli yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki plis ke yon repetisyon tèm nan

Nan devlopman repons ou pou Pati III a, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) **eksplike** vle di “pou fè li klè oubyen konpreansib; pou bay rezon oubyen kòz; pou montre devlopman lojik oubyen relasyon ak”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalyte, rezònman, ak sa ki te pase; prezante ak detay”

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki akonpaye li yo. Yo fè li pou teste kapasite ou pou travay ak dokiman istorik. Yo te korije kèk nan dokiman yo pou nesosite kesyon an. Pandan w ap analize dokiman yo, konsidere sous chak dokiman epi nenpòt opinyon yo kapab bay nan dokiman an.

#### Kontèks Istorik:

Depi Dezyèm Gè Mondyal la, konfli yo nan Lazi te jwe yon gwo wòl nan Lagè Fwad la. Youn nan konfli sa yo te fèt nan Vyetnam. Enplikasyon Etazini nan konfli sa a kèk fwa te mennen diskisyon. Desizyon pou voye twoup nan Vyetnam te genyen yon gwo konsekans sou sosyete ameriken an ak sou politik etranjè Etazini.

**Sa pou fè:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon yo ki vin apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou yo ak kesyon yo ap ede w ekri Pati B redaksyon an, kote y ap mande w pou

- Eksplike rezon enplikasyon Etazini nan Vyetnam
- Diskite konsekans Lagè Vyetnam nan sou sosyete Ameriken an
- Diskite konsekans Lagè Vyetnam nan sou politik etranjè Etazini

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Eksplikasyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

. . . Nan moman sa a nan listwa lemonn, preske tout nasyon dwe chwazi ant plizyè fason altènatif pou viv. Souvan chwa a pa fèt ak libète.

Yon fason pou viv baze sou volonte majorite a, epi ou fè diferans la ak enstitisyon lib yo, gouvènman reprezantatif, eleksyon lib, garanti libète endividyèl, libète lapawòl ak relijyon, epi libète anba opresyon politik.

Dezyèm fason pou viv la depann de volonte yon minorite yo enpoze pa fòs sou majorite a. Li depann de lapèrèz ak opresyon, kontwòl laprès ak radyo, eleksyon ranje, ak eliminasyon libète pèsonèl yo.

Mwen kwè li ta dwe politik Etazini pou sipòte pèp lib k ap reziste tantativ kontwòl minorite ki ame yo oubyen presyon yo ki sòti andeyò peyi a.

Mwen kwè nou dwe sipòte pèp lib yo pou yo mennen destine yo jan yo vle. . . .

Sous: President Harry Truman, Address to Congress (Truman Doctrine), March 12, 1947

1a Dapre Prezidan Harry Truman, kisa ki te **yon** pwoblèm lè volonte yon minorite kontwole gouvènman yo? [1]

---

---

Score

b Dapre Prezidan Harry Truman, ki politik Etazini dwe sipòte? [1]

---

---

Score

## Dokiman 2a

. . . Agresyon kominis nan Kore a te fè pati yon strateji mondyal Kremlin pou detwi libète. Li te montre moun toupatou nan lemon Kominis enperyalis kapab frape nenpòt kote, nenpòt lè. Defans Kore a fè pati jèfò mondyal tout nasyon lib yo pou kenbe libète . Li te montre moun lib si yo kanpe ansanm, epi ini fòs yo, agresyon kominis la pa ka gen viktwa. . . .


Sous: President Harry Truman, Address at a dinner of the Civil Defense Conference, May 7, 1951

2a Dapre Prezidan Harry Truman, poukisa li te enpòtan pou Etazini ede defann Kore? [1]

Score

## Dokiman 2b

Yon lòt twou nan dig la



Sous: Fred O. Seibel, *Richmond Times-Dispatch*, May 5, 1953 (adapte)

2b Dapre desen sa a, ki pwoblèm Etazini te rankontre nan Lazi apati lane 1953? [1]

Score

### Dokiman 3

#### KALITE KONFLI LI YE

. . . Lemonn jan li ye an Lazi a pa yon kote ki gen lapè ak trankilite.

Premye reyalite a se Vyetnamn Nò a te atake nasyon endepandan Vyetnam Sid la . Objektif li se konkèt total.

Men wi, kèk moun nan sid Vyetnam nan patisipe nan atak sou pwòp gouvènman yo. Men gason ki antrene ak minisyon, lòd ak zam, te ale vini san rete sòti nan nò ale nan sid.

Sipò sa se batman kè lagè a. . . .

#### POU KISA NOU NAN VYETNAM?

Poukisa reyalite sa yo enterese nou? Poukisa nou nan Sid Vyetnam?

Nou la paske nou genyen yon pwomès pou nou kenbe. Depi 1954, chak Prezidan Ameriken te ofri sipò yo bay moun nan sid Vyetnam. Nou te ede bati, epi nou te ede defann. Kidonk, pandan anpil lane, nou te pran yon angajman nasyonal pou ede sid Vyetnam defann endepandans li.

Mwen antann kenbe pwomès sa a. . . .

Sous: President Lyndon B. Johnson, Speech at Johns Hopkins University, April 7, 1965

3 Dapre Prezidan Lyndon B. Johnson, poukisa Etazini te enplike nan Vyetnam? [1]

Score

## Dokiman 4a

. . . Lè peyi a gade Lyndon Johnson jodi a, li bay enpresyon inevitab Vyetnam se priorite Amerik. Mesye Johnson ap plede itilize kòmman brital [pouvwa ] prezidansyèl la( san site Rose Garden nan) pou li di yon nasyon divize k ap soufri rezon ki fè l ap batay epi li dwe kontinye batay nan sidès Lazi. Pa gen okenn rezistans- epi l ap grandi - ki kapab febli [redwi] rezolisyon li. Yon ti kantite moun poze kesyon sou rezolisyon pèsònèl li nan pwoblèm Nèg yo [Ameriken Nwa] (Aprè tout bagay, li se prezidan ki di “Nou Dwe Triyonfe!” nan yon diskou li te fè twa zan desela). Men atitid piblik li [pozisyon] la a pa montre okenn ijans ki make kwazad Vyetnam li an. . . .

Sous: “The Negro in America: What Must Be Done,” *Newsweek*, November 20, 1967

## Dokiman 4b

"Preme bagay yo anvan !"



Sous: Charles Brooks,  
*Birmingham News* (adapte)

4 Dapre dokiman sa yo, ki **de** konsekans Lagè Vyetnam nan te genyen sou sosyete Ameriken an? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 5a



Manifestan kont Lagè Vyetnam yo te pran lari sou senkyèm Avni nan vil New York 27 Avril, 1968. Manifestasyon an te genyen 87 000 moun epi te lakòz 60 arestasyon. Toujou nan menm 27 Avril la, kèk 200 000 etidyan nan vil New York te bòykot klas yo.

Sous: *The Sixties Chronicle*, Legacy Publishing

## Dokiman 5b

Atik sa a te parèt nan *New York Times* twa jou apre tire nan Inivèsite Kent la.

### Illinois Deplwaye Gad

Plis pase 80 kolèj atravè peyi a te fèmen pòt yo yè pou peryòd sòti yon jou pou ale nan rès ane lekòl la pandan milye etidyan te ale patisipe nan manifestasyon nasyonal k ap pran elan nan kolèj yo kont lagè nan sidès Lazi a.

Nan Kalifòni, Gouvènè Ronald Reagan, ki site "ajitasyon emosyonèl", te fèmen tout inivèsite leta yo ak sistèm kolèj yo depi minwi yè swa pou rive Lendi pwochen. Plis pase 280 000 etidyan nan 19 kolèj ak 28 inivèsite te enplike.

Inivèsite Eta Pensilvani an, ak 18 lekòl, te fèmen pou yon peryòd ki pa detèmine [san fen].

Nan zòn metwopoliten New York la, ozanviwon 15 kolèj te fèmen, kèk pou yon jou, kèk pou semèn nan, epi kèk pou rès tèm nan.

Yon pòtpawòl Asosiyasyon Nasyonal Etidyan an di etidyan pat ale swiv kou nan prèske 300 lekòl nan peyi a. . . .

Sous: Frank J. Prial, *New York Times*, May 7, 1970

5 Dapre dokiman sa yo, site *de* fason Lagè Vyetnam nan te afekte sosyete Ameriken an. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score



## Dokiman 6

Aprè Lagè Vyetnam nan te fini nan lane 1975, anpil refijye ki soti Vyetnam te etabli yo nan Westminster Kalifòni.

### "Little Saigon" nan Westminster nan Kalifòni



Sous: Bailey and Kennedy, *The American Pageant*, D. C. Heath and Co., 1991

6 Dapre foto sa yo, kijan imigran Vyetnamiyen yo te kontribye nan sosyete Ameriken an? [1]

---

---

Score

## Dokiman 7

. . . Nan 60 jou kalandriye a apre yo te bay yon rapò oubyen yo te mande fò ou bay yon rapò dapre seksyon 1543 (a)(1) tit sa a, nenpòt sa ki vini anvan an, Prezidan an dwe mete fen nan itilizasyon Fòs Lane Etazini an dapre sa rapò a te soumèt ( oubyen te mande pou soumèt), amwenske Kongrè a(1) te deklare lagè oubyen te dakò yon otorizasyon espesifik pou yo itilize Fòs Lane Etazini an, (2) te pwolonje dapre lalwa peryòd swasant jou a, oubyen (3) pat kapab rankontre fizikman, sa ki se yon rezilta yon atak ak zam sou Etazini. Peryòd swasant jou sa a kapab pwolonje pa pi plis pase trant jou si Prezidan an detèmine epi sètifye bay Kongrè a sou papye nesosite militè yo pa ka anpeche k ap respekte sekirite Etazini mande pou yo kontinye itilize fòs lame sa a pandan y ap fè tout sa yo kapab pou retire li sou teren an pi vit posib. . . .

Sous: War Powers Act, 1973

7 Dapre dokiman sa a, site **yon** fason Lwa Pouwa lagè te kapab limite enplikasyon Etazini nan konfli etranje yo. [1]

---

---

Score

## Dokiman 8

. . . Katòz lane apre denye inite konba Etazini a te kite Vyetnam, pou pi piti 15 gason ki te patisipe nan konba yo fè wout yo nan Kongrè a.

### Chak Tire Pwòp Leson Pa Yo

Genyen ki Repibliken, tankou reprezantan David O'B. Martin ki sòti anwo eta New York; genyen ki demokrat, tankou reprezantan H. Martin Lancaster ki sòti nan Kaolindinò ak John P. Murtha ki sòti Pennsilvani; genyen ki konsèvatè, epi genyen ki liberal. Chak tire pwòp leson pa yo nan patisipasyon yo nan lagè a, epi chak aplike eksperyans yo nan fason pa yo nan pwoblèm politik etranje yo rankontre pandan yo se lejislatè.

Genyen ki sipòte èd militè bay rebèl nikaragweyen yo, genyen ki opoze ak sa. Yon ti pati te an favè pou yo voye yon kontenjan Marin nan Bewout an 1982, malgre anpil di yo te gen rezèv grav. Genyen ki wè menas Sovyetik la nan tèm ki pi laj pase lòt.

Men eksperyans Vyetnam nan te bay preske yo tout yon sans prekosyon nan itilizasyon pouvwa militè Ameriken an san sipò pèp Ameriken an. Sa mennen yon seri opinyon serye sou limitasyon fòs, espesyalman nan peyi ki vinn pòv paske yo genyen konfli entèn. . . .

Sous: David K. Shipler, "The Vietnam Experience and the Congressman of the 1980's," *New York Times*, May 28, 1987

- 8 Dapre atik sa a, kòman eksperyans plizyè Manm Kongrè yo ki te sèvi nan Vyetnam te afekte opinyon yo sou ki lè pou itilize fòs militè Ameriken an? [1]

---

---

Score

## Dokiman 9

Kòmantè sou patisipasyon Etazini nan Operasyon Tanpèt Dezè ak Lagè Golf Pèsik la an 1991

“Ak èd Bondye, nou choute maladi Vyetnam nan yon fwa pou tout!” Se sa Prezidan Georges Bush te di nan yon deklarasyon laviktwa kè kontan [lajwa] nan fen lagè Golf la, pandan li enplike jiskibò Vyetnam kontinye aji sou lespri Ameriken plis pase 15 lane apre echèk Saigon an. An reyalite Lagè Vyetnam nan te de lwen pi konvilzif epi pi tromatizan pase twa lagè Etazini nan Lazi nan 50 lane depi Pearl Harbor a. Li te fè ekonomi ameriken ap plonje anba. Li te kite politik etranje ameriken an dezòd pou yon ti moman, pandan li te retire kredi politik pa fè lagè a epi minimize konsansis ki sipòte li a. Li te divize pèp ameriken an tankou okenn evenman pa janm fè li depi pwòp Lagè Sivil pa yo a yon syèk anvan. Li te detwi tèt ansanm yo te genyen.

Konsa enpak pèsistan Lagè Vyetnam nan te ye sa ki fè konfli Gòlf Pèsik la gendefwa te parèt otan yon lit ak zombi li yo menm jan ak Irak Saddam Hussein nan. Deklarasyon Prezidan Bush la sou maladi Vyetnam nan kidonk te parèt fèt twò bonè. Siksè nan Lagè Golf la te ranfòse, san dout, konfyans nasyon an nan lidèchip politik etranje li ak nan enstitisyon militè li epi li afèbli opinyon depi lontan ki te genyen kont entèvansyon nan lòt peyi. Toujou sanble genyen yon dout yon viktwa militè, sou yon nasyon ki gen yon popilasyon pi piti pase yon tyè Vyetnam nan yon lagè ki te fèt nan sikontans pi favorab yo kapab retire [efase] memwa fon epi ki toujou fè mal yon lagè ki te fèt anvan epi ki se yon kalite lagè diferan. . . .

Sous: George C. Herring, “America and Vietnam: The Unending War,” *Foreign Affairs*, Winter 1991/92

9 Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** enpak "Lagè Vyetnam" nan sou politik etranje Etazini? [1]

---

---

Score

## Pati B

### Disètasyon

*Eksplikasyon:* Ekri yon disètasyon ki byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, epi yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti nan **senk** dokiman pou pi piti nan devlopman disètasyon an. Kore repons ou ak reyalyite enpòtan, egzanj, ak detay. Mete enfòmasyon an plis ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Depi Dezyèm Gè Mondyal la, konfli nan Lazi a te jwe yon gwo wòl nan Lagè Fwad la. Youn nan konfli sa yo te leve nan Vyetnam. Enplikasyon Etazini nan konfli sa a kèk fwa te mennen diskisyon. Desizyon pou voye twoup nan Vyetnam te genyen yon gwo konsekans sou sosyete Ameriken an ak politik etranjè Lèzetazini.

**Sa w gen pou fè:** Pandan w ap itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan listwa Etazini, ekri yon disètasyon kote w ap

- Eksplike rezon ki fè Etazini enplike nan Vyetnam
- Diskite sou enpak Lagè Vyetnam nan sou sosyete Ameriken an
- Diskite enpak Lagè Vyetnam nan sou politik etranje Etazini an

#### Gid:

##### Nan disètasyon an, asire ou

- Devlope tout pati nan sa yo mande w fè a
- Mete enfòmasyon ki sòti nan *pi piti **senk*** dokiman
- Mete lòt enfòmasyon ki frapan ki pa nan dokiman an
- Kore tèm nan ak sa ki pase, egzanj, ak detay ki frapan
- Fè yon plan lojik epi klè, ki gen ladan l yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki bay plis pase sa tèm nan di



ISTWA AK  
GOUVÈNMAN ETAZINI

Jedi, 25 Janvyè, 2007 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPOS

Non Elèv la ..... Sex:  Gason  Fi

Non Pwofesè a .....

Non Lekòl a .....

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons sa a, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

1.....	26 .....
2.....	27 .....
3.....	28 .....
4.....	29 .....
5.....	30 .....
6.....	31 .....
7.....	32 .....
8.....	33 .....
9.....	34 .....
10.....	35 .....
11.....	36 .....
12.....	37 .....
13.....	38 .....
14.....	39 .....
15.....	40 .....
16.....	41 .....
17.....	42 .....
18.....	43 .....
19.....	44 .....
20.....	45 .....
21.....	46 .....
22.....	47 .....
23.....	48 .....
24.....	49 .....
25.....	50 .....

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score \_\_\_\_\_

Part III A Score \_\_\_\_\_

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score \_\_\_\_\_

Part III B Essay Score \_\_\_\_\_

Total Essay Score

Final Score (obtained from conversion chart)

No. Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

etache la a

